# Апостол Павелы фыстæг филиппæгтæм

## – 1 –

**1** Павелæй æмæ Тимофейæ, Йесо Чырыстийы цагъартæй, – Йесо Чырыстиимæ иу чи у, Филиппты уыцы сыгъдæджытæм, аргъуаны хистæртæм æмæ диакъонтæм.

**2** Хорзæх æмæ уын фарн нæ Фыд Хуыцауæй æмæ Хицау Йесо Чырыстийæ.

*Павел бузныг у Хуыцауæй*

**3** Куы уæ æрымысын, уæд кæддæриддæр сымах тыххæй бузныг вæййын мæ Хуыцауæй.

**4** Кæдфæнды ма кувон уеппæты тыххæй дæр – кæддæриддæр фæкувын цингæнгæ,

**5** Фарны уац хъусын кæныны куысты фыццаг бонæй суанг абонмæ кæй æххуыс кæнут, уый тыххæй.

**6** Сымахмæ ахæм хорз хъуыддаг Чи райдыдта, Уый йæ Йесо Чырыстийы æрцыдмæ кæй ахæццæ кæндзæн кæронмæ, уыыл æууæндын фидарæй.

**7** Æмæ уеппæтмæ дæр мæнæн ахæм цæстæй кæсын æмбæлы, уымæн æмæ сымах мæ зæрдæйы стут. Ахæстоны куы дæн, фарны уацы сæрыл куы хæцын, раст кæй у, уымæн æвдисæн куы лæууын, уæд уеппæт дæр мемæ стут уыцы арфæйаг хъуыддаджы.

**8** Æз уеппæты дæр Йесо Чырыстийы уарзтæй кæй уарзын, уымæн Хуыцау – æвдисæн.

**9** Æз кувын, цæмæй уæ уарзондзинад кæна фылдæрæй-фылдæр, æфта уæ зонынадыл, уа уæм арф æмбарынад,

**10** Æмæ уæ бон уа, хуыздæр цы у, уый равзарын. Уæд Чырыстийы æрцыды бон уыдзыстут сыгъдæг æмæ æнæфау,

**11** Йесо Чырыстийы фæрцы алцæмæй дæр разындзыстут рæстгæнджытæ Хуыцауы кад æмæ намысæн.

*«Мæ цард Чырысти у»*

**12** Фæнды мæ, ме 'фсымæртæ, цæмæй сымах зонат, æз цы уавæры бахаудтæн, уый кæй фæахъаз фарны уац парахатдæрæй хъусын кæнынæн;

**13** Æмæ æз Чырыстийы сæраппонд ахæстоны кæй дæн, уый базыдтой галуаны æппæт хъахъхъæнджытæ, стæй иннæтæ дæр.

**14** Æмæ æз ахст кæй дæн, уый æфсымæртæн сæ фылдæры сразæнгард кодта Хицауыл зæрдæ тынгдæр дарынмæ, æмæ ноджы ныфсхастдæрæй, уæндондæрæй хъусын кæнынц Хуыцауы ныхас.

**15** Раст зæгъын хъæуы, иуæйиутæ сæ хæлæгæй æмæ сæхи кады

---

[1:3] 1 Фес. 1:2. [1:6] Ин. 6:29; 1 Фес. 1:3. [1:10] 1 Фес. 5:23. [1:11] Мф. 5:16; Ин. 15:8. [1:13] Ап. хъ. 21:11. [1:14] Эф. 3:13.

сæраппонд дзурынц Чырыстийы тыххæй, иннæтæ та – сыгъдæг зæрдæйæ.

**16** Иутæн сæ зæрдæ сыгъдæг нæу – хи уæлдæр сæвæрыны сæраппонд дзурынц Чырыстийы тыххæй; бæлгæ та кæнынц, мæ рæхыстæ куыд фæуæззаудæр уой, уымæ.

**17** Иннæтæн та уарзондзинад дæтты æвзаг. Уыдон зонынц: фарны уацы сæрылхæцæгæй мæн Хуыцау сæвæрдта.

**18** Æмæ цы? Чырыстийы тыххæй куыдфæнды ма дзурæд, – былалгъæй кæнæ зæрдиагæй, – уæддæр райын. Æмæ райдзынæн,

**19** Уымæн æмæ зонын: уæ куывды руаджы æмæ Йесо Чырыстийы Уды æххуысæй уый мæнæн фæахъаз уыдзæн фервæзынæн.

**20** Æнхъæлмæ кæсын æмæ мæ зæрдæ дарын, æз кæй ницæмæй фегад уыдзынæн, фæлæ раздæрау ныр дæр кæй разындзынæн ныфсджын, æмæ мæ фæрцы снамысджын уыдзæн Чырысти – кæнæ мæ цардæй, кæнæ мæ мæлæтæй.

**21** Уымæн æмæ мæ цард Чырысти у, мæлæт – ме 'фтиаг.

**22** Мæ буары цæргæйæ куы баззайон, уæд уый та мæ хъуыддагæн пайда у; æмæ цы равзарон, уый нæ зонын.

**23** Сæ иу дæр мæ сайы йæхимæ æмæ иннæ дæр: фæнды мæ ацы дунейæ ацæуын æмæ Чырыстиимæ цæрын – уый дзæвгар хуыздæр у.

**24** Уæ сæраппонд та хуыздæр у мæ буары баззайын.

**25** Æмæ æз æнæгуырысхойæ æууæндын, кæй баззайдзынæн цæргæйæ æмæ кæй уыдзынæн уеппæтимæ дæр, цæмæй рæза уæ уырнындзинад æмæ цин кæнат.

**26** Æмæ та уæм куы æрцæуон, уæд уын мæ фæрцы фылдæр фадат уыдзæн, Йесо Чырыстийы руаджы уын цы бантыст, уымæй раппæлынæн.

*Павелы сидт*

**27** Æрмæст уæ цард уæд Чырыстийы фарны уацмæ гæсгæ. Æмæ уæм куы æрцæуон, уæд фендзынæн, кæнæ фæсауууонмæ фехъусдзынæн, сымах кæй стут æмуд, æмзæрдæйæ кæй тох кæнут, фарны уац йæ бындур кæмæн у, уыцы уырнындзинадыл,

**28** Æмæ уæ ныхмæлæууджытæй æппындæр кæй нæ тæрсут. Хуыцау сын уе 'хсары руаджы равдисдзæн: уыдон фесæфдзысты, сымах та фервæздзыстут.

**29** Уымæн æмæ сымахæн хорзæхæн лæвæрд у Чырыстийыл æрмæст æууæндын нæ, фæлæ Йæ сæраппонд хъизæмар кæнын дæр.

**30** Сымах архайут, æз кæм архайдтон, уыцы тохы. Куыд тох кодтон, уый сымах федтат, ныр та хъусут, абон дæр мæ тох кæй нæма фæци, уый.

## – 2 –

*Цагъар æмæ Паддзах*

**1** Уæдæ Чырыстиимæ кæй стут, кæд уын уый ныфс дætты, кæд

[1:15] 2 Кор. 2:17. [1:21] Гал. 2:20. [1:23] 2 Кор. 5:8. [1:26] 2 Кор. 1:14; Флп. 2:16. [1:27] Эф. 4:1; Кол. 1:10; 1 Фес. 2:12. [1:29] Ап. хъ. 5:41.

уарзондзинад рæвдауы сымах, кæд
уын Сыгъдæг Удимæ иудзинад ис,
кæд зæрдæхæлар æмæ тæригъæд-
гæнаг стут,
**2** Уæд ноджыдæр бафтаут мæ ци-
ныл: уарзут кæрæдзи æмхуызон, ут
æмхъуыды, æмуд æмæ æмзонд.
**3** Иннæтæй хи уæлдæр æвæры-
ны кæнæ кадмæ бæллыны сæрап-
понд мацы аразут, фæлæ ут сæр-
ныллæг – иу иннæйы нымайæд
йæхицæй уæлдæрыл.
**4** Алкæмæн дæр йæ мæт уæд
канд йæхиуыл нæ, фæлæ иннæйыл
дæр.
**5** Сымах алцæмæ дæр хъуамæ
кæсат Йесо Чырыстийы цæстæй:
**6** Йæ æрдзыхъæдмæ гæсгæ
Хуыцауы æмсæр кæд уыди, уæд-
дæр нæ ныххæцыд, Хуыцауы æм-
сæр кæй у, ууыл.
**7** Фæлæ Йæхæдæг Йæхи сгæв-
зыкк кодта – схайджын цагъары
æрдзыхъæдæй, сси адæймаджы хал-
дих, æмæ бакастæй дæр уыд адæй-
маджы хуызæн.
**8** Уый æрныллæг кодта Йæхи –
афтæ коммæгæс уыди, æмæ амард,
уыимæ мæлгæ та дзуарыл акодта.
**9** Æмæ Йæ Хуыцау афтæ сбæр-
зонд кодта, æмæ Йын радта æппæт
нæмттæй дæр уæлдæр ном,
**10** Цæмæй Йесойы номы раз сæ
зонгуытыл æрлæууой, уæларвы,
зæххыл æмæ дæлдзæх чи ис, уыдон
иууылдæр,
**11** Æмæ алчидæр æргомæй
зæгъа: Йесо Чырысти Хицау у.
Уый уыдзæни Фыд-Хуыцауы ка-
дæн.

*Æрттивут стъалытау*

**12** Мæ уарзон хæлæрттæ, сымах
иудадзыг коммæгæс уыдыстут – æз
уемæ куы уыдтæн, уæд дæр, уæл-
дайдæр та ныртæккæ, æз уемæ
куы нæ дæн, уæд. Уæдæ тæрсгæ-
ризгæйæ уæхи хъарут уæ фервæ-
зыныл,
**13** Уымæн æмæ Хуыцау Йæхæ-
дæг кусы уæ зæрдæты – фæндон
Ын чи у, уæ уыцы бæллицтæ æмæ
хъуыддæгтæ Уымæй рацæуынц.
**14** Æппæт дæр кæнут æнæ хъуыр-
хъуырæй æмæ æнæ гуырысхойæ,
**15** Цæмæй уат Хуыцауы æнаипп,
сыгъдæг æмæ æнæфау хъæбултæ
ацы æнæуаг æмæ хæлд адæмы æх-
сæн. Арвыл цы стъалытæ ферттив-
вы, сымах ахæм стъалытау стут се
'хсæн,
**16** Парахат кæнут цардæттæг
ныхас. Æмæ Чырысти куы æрцæ-
уа, уæд мæ бон раппæлын уыдзæ-
ни, мæхи дзæгъæлы кæй нæ хъард-
тон æмæ дзæгъæлы кæй нæ куыс-
тон, уымæй.
**17** Фæлæ мæ, мыййаг, суанг ны-
вондæн куы æрхастæуа, æмæ ны-
вонды тугау мæ туг уæ уырнындзи-
нады нывондыл куы акæла, уæд-
дæр æз цин кæнын, стæй цин кæ-
нын уеппæтимæ дæр.
**18** Афтæ цин кæнут сымах дæр,
стæй цин кæнут мæнимæ иумæ
дæр!

---

2:1 Кол. 3:12. 2:2 Ром. 15:5; Флп. 3:16. 2:3 Лк. 14:11; Ром. 12:10. 2:4 1 Кор. 10:24.
2:5 Мк. 11:29. 2:6 2 Кор. 4:4; Кол. 1:15. 2:7 Мф. 20:28. 2:8 Мф. 26:39; Дзут. 2:17.
2:9 Мф. 28:18; Дзут. 1:4. 2:10 Ром. 14:11; Æрг. 5:14. 2:11 Ин. 13:13; 1 Кор. 8:6.
2:13 2 Кор. 3:5; Дзут. 13:21. 2:14 1 Пет. 4:9. 2:15 Мф. 5:14. 2:16 Флп. 4:1. 2:17 2 Тим. 4:6.

### *Тимофей æмæ Эпафродит*

**19** Хицау Чырыстийы фæрцы мæ зæрдæ дарын сымахмæ рæхджы Тимофейы арвитыныл, цæмæй æз дæр базонон уæ уавæрты тыххæй æмæ барухс уа мæ зæрдæ.

**20** Мæнæн æндæр ахæм адæймаг нæй, Тимофейау сымахыл афтæ зæрдиагæй чи бамæт кæна.

**21** Иннæтæ иууылдæр мæт кæнынц, Йесо Чырыстийæн фæндон цы у, ууыл нæ, фæлæ сæхи пайдайыл.

**22** Тимофей фæлвæрд кæй у, уый та зонут, уымæн æмæ фырт йæ фыды фарсмæ куыд балæууа, афтæ мемæ фарны уац хъусын кæныныл куыста æнувыдæй.

**23** Дарддæр цы бауыдзынæн, уый куыддæр базонон, афтæ мæ ныфс ис æвæстиатæй йæ сымахмæ арвитыныл.

**24** Хицауы фæрцы фидарæй æууæндын, рæхджы уæм мæхæдæг дæр кæй æрцæудзынæн, ууыл.

**25** Æз æнæмæнг бакæнинагыл нымайын, мæ хъуæгты мын æххуысмæ кæй æрбарвыстат, мæ уыцы æфсымæр, æмкусæг æмæ æмтохгæнæг Эпафродиты сымахмæ арвитын.

**26** Уымæн æмæ тынг бæллы уеппæты дæр фенынмæ, æмæ стыр мæты бафтыд, йæ фæрынчыны хабар уæм кæй байхъуыст, уый тыххæй.

**27** Уыди рынчын æмæ фæцæймард, фæлæ йын Хуыцау батæригъæд кодта, æмæ æрмæст уымæн нæ, фæлæ мæнæн дæр, мæ хъыгыл куыд нал бафта, афтæ.

**28** Уымæ гæсгæ уæм æй æрвитын æвæстиатæй, цæмæй уын йæ фенд æрхæсса цин, мæнæн та мæ хъыг фæкъаддæр уа.

**29** Уæдæ Хицауæн фæндон куыд уа, афтæ йыл сæмбæлут æхсызгонæй. Аргъ кæнут ахæмтæн.

**30** Чырыстийы хъуыддаджы сæраппонд Эпафродит мæлæтмæ хæстæг уыд, йæ цард æвгъау нæ кодта, цæмæй мын уæ бæсты баххуыс кæна, уæ бон мын цы раттын нæ уыд, уымæй.

## – 3 –

### *Талынгæй – рухсмæ*

**1** Æппынфæстаг, ме 'фсымæртæ, цин кæнут, Хицауимæ кæй стут, ууыл. Раздæр уын цы дзырдтон, уый уæм ногæй фыссын мæнæн зын нæу, сымах та фыдбылызæй бахиздзæн.

**2** Уæхи хизут куыйтæй, уæхи хизут зианхæссæг кусджытæй, уæхи хизут, буарæй хынджылæггаг чи аразы, уыдонæй.

**3** Мах стæм æцæг сунæтгонд – кусæм Хуыцауæн, Йæ Уд нæ куыд аразы, афтæ. Нæ зæрдæ зæххоныл нæ дарæм, фæлæ æппæлæм, Йесо Чырыстиимæ кæй стæм, уымæй.

**4** Æниу, мæ бон у, æмæ зæххоныл дæр дарон мæ зæрдæ. Кæд искæмæ афтæ кæсы, æмæ зæххоныл зæрдæ дарын йæ бон у, уæд мæ бон та ноджы тынгдæр у.

**5** Сунæтгонд æрцыдтæн мæ цард æстæм бон, дæн израилаг адæ-

---

**2:19** Ап. хъ. 16:1. **2:21** 1 Кор. 10:24. **2:22** Ап. хъ. 16:2. **2:29** 1 Фес. 5:12. **3:1** 2 Кор. 13:11. **3:2** 2 Кор. 11:13. **3:3** Ром. 2:29.

мæй, Вениамины хæдзарвæндагæй,
дзуттæгтæй райгуырæг дзуттаг, Æгъ-
дау куыд æххæст кодтон, уымæ гæс-
гæ – фарисей,
**6** Динил фырæнувыдæй – Ар-
гъуан æфхæрæг, Æгъдаумæ гæсгæ –
æнæфау рæстгæнæг.
**7** Фæлæ мæм раздæр æфтиаг цы
касти, уый Чырыстийы тыххæй ба-
нымадтон ницæуыл.
**8** Уый нæ, фæлæ тæккæ зынаргъ-
дæр цы у, уый сæраппонд – Йесо
Чырыстийы базоныны сæраппонд –
æз æппæт дæр нымайын ницæуыл.
Чырыстийы тыххæй æнæхай фæ-
дæн алцæмæй дæр, æппæт дæр ны-
майын быронил, цæмæй мæ иу-
нæг хæзна уа Чырысти,
**9** Æмæ баиу уон Йемæ. Æгъда-
уы руаджы адæймаг цы рæстадæй
схайджын вæййы, æз уымæ нал тыр-
нын. Æз тырнын, Чырыстийыл æу-
уæндыны руаджы Хуыцау уырнджы-
тæн кæй дæтты, уыцы рæстадмæ.
**10** Мæ нысан у Чырыстийы
æмæ мæрдтæй Йæ райгасгæнæг
тых базонын, Йæ хъизæмæрттæ
бавзарын, Уый куыд амарди, аф-
тæ амæлын,
**11** Цæмæй исты хуызы мæрдтæй
райгас уон.

*Нысанмæ тырнгæйæ*

**12** Æз афтæ нæ зæгъын, æмæ
ныридæгæн бахæццæ дæн мæ ны-
санмæ, кæнæ æнаипп сдæн; фæлæ
згъорын размæ, гæнæн æмæ ама-
лæй хæрзиуæг мæхи бакæнынмæ –
Йесо Чырысти мæ уый тыххæй
скодта йæхион.
**13** Æфсымæртæ, æз афтæ æн-
хъæл нæ дæн, æмæ мæ хæрзиуæг
ныридæгæн райстон. Æрмæст, фæс-
тæмæ нæ кæсгæйæ, ныййарц дæн
размæ –
**14** Згъорын нысанмæ, Хуыцау
Йесо Чырыстийы фæрцы мæн кæй
тыххæй æрхуыдта, уыцы уæларвон
хæрзиуæг райсынмæ.
**15** Уæдæ махæй алцæмæй дæр
æххæст чи у, уымæ ахæм хъуыды
хъуамæ уа. Кæд истæй фæдыл æн-
дæр хъуыдыйыл хæст стут, уæд уын
уый дæр Хуыцау раргом кæндзæн.
**16** Уæвгæ, куыдфæнды ма уæд,
дарддæр дæр цæрæм, цы нын бан-
тыст, уымæ гæсгæ.
**17** Æфсымæртæ, фæзмут мæн.
Нæхи уын цавæрæй равдыстам,
ахæм уагыл чи цæры, уыдон сыма-
хæн уæд фæзминаг.
**18** Уымæн æмæ бирæтæ, – æз уын
уыдоны тыххæй арæх дзырдтон, ныр
та уын кæугæйæ дзурын, – цæ-
рынц Чырыстийы дзуары знæгтау.
**19** Уыдонæн сæ кæрон – бын-
сæфт, сæ хуыцау – сæ гуыбын, ху-
динаг сæм цы хъуамæ кæсид, уы-
мæй сты сæрыстыр. Сæ мæт у зæх-
хон цардыл.
**20** Мах та уæларвон бæстæгтæ
стæм, уырдыгæй æнхъæлмæ кæсæм
Ирвæзынгæнæгмæ дæр – Хицау
Йесо Чырыстимæ.
**21** Æппæт басæттын дæр Йæ
бон кæмæй у, Йæ уыцы хъаруйæ

---

3:5 Ап. хъ. 23:6; 26:5. 3:6 Ап. хъ. 8:3. 3:8 Ин. 17:3; Кол. 2:2. 3:9 Ром. 3:22; Дзут. 4:3. 3:10 Ром. 6:5; 8:17. 3:12 1 Кор. 13:12; 1 Тим. 6:12. 3:13 Лк. 9:62. 3:14 1 Кор. 9:24. 3:15 Дзут. 5:14. 3:16 Ром. 12:16; 15:5; 1 Кор. 1:10. 3:17 Флп. 4:9; 2 Фес. 3:9. 3:19 2 Пет. 2:1; Ром. 16:18. 3:20 Тит. 2:13; Дзут. 13:14.

Уый аивдзæн нæ лæмæгъ буар, скæндзæн æй Йæ намысджын Буары халдих.

# – 4 –

**1** Уæдæ зæрдæйæ кæй уындмæ бæллын, мæ цин æмæ мæ хæрзиуæг чи у, мæ уыцы уарзон æфсымæртæ, фидар лæуут, Хицауыл æуæндгæйæ.

*Ут æмзонд æмæ цин кæнут*

**2** Хатын Эводимæ, хатын Синтихимæ: сымах Хицауимæ стут, æмæ æмбарут кæрæдзи.

**3** Дæуæй дæр, мæ иузæрдион æмкусæг, æххуыс курын уыцы сылгоймæгтæн. Сæ нæмттæ царды чиныджы фыст кæмæн сты, уыцы Климент æмæ мæ иннæ æмкусджыты æмрæнхъ уыдон мæнимæ иумæ тох кодтой фарны уац адæммæ хæссыны сæраппонд.

**4** Иудадзыг цин кæнут, Чырыстиимæ кæй стут, ууыл; æмæ ма уын ноджыдæр зæгъын – цин кæнут.

**5** Æвæлмас кæй стут, уый зындгонд уæд æппæт адæмæн дæр. Хицауæн Йе 'рцыд хæстæг у.

**6** Мацæуыл мæт кæнут, фæлæ алы хатт дæр кувут Хуыцаумæ, курут Дзы, бузныгæй Йын æргом кæнут уæ хъуæгтæ,

**7** Æмæ зонд кæуыл не 'ххæссы, Хуыцауы уыцы фарн бахъахъхъæндзæн уæ зæрдæтæ æмæ уæ зонд Йесо Чырыстиимæ иугондæй.

**8** Æппынфæстаг, ме 'фсымæртæ, цыдæриддæр у æцæг, уæздан, раст, сыгъдæг, уарзинаг, æхцон – цыдæриддæр нывыл æмæ раппæлинаг у, бæллут уымæ.

**9** Цæуыл уæ сахуыр кодтон, цы уын радтон, цы уын загътон, цавæрæй мæ федтат, фæзмут æппæт уыдæттæ, æмæ фарндæттæг Хуыцау уыдзæн уемæ.

*Арфæйы ныхæстæ*

**10** Бузныг дæн Хицауæй æмæ мæ цинæн кæрон нал ис, дзæвгар рæстæджы фæстæ та мыл тыхсын кæй райдыдтат, уый тыххæй. Уæвгæ мыл кæддæриддæр тыхстыстут, фæлæ уын фадат нæ уыд.

**11** Хъуаг æййафын, зæгъгæ, уый тыххæй уын нæ зæгъын – æз сахуыр дæн, цы мæм вæййы, уый фагыл нымайыныл.

**12** Цæрын зонын гæвзыккæй дæр æмæ фæрныгæй дæр; сахуыр дæн кæддæриддæр æмæ кæмдæриддæр æфсæстæй æмæ стонгæй, парахатæй æмæ хъуагæй цæрыныл.

**13** Мæ бон æппæт дæр у мæнæн тых дæттæг Чырыстиимæ.

**14** Æниу мæм мæ зынты æххуысмæ кæй æрцыдыстут, уымæй хорз бакодтат.

**15** Уæхæдæг æй зонут, филиппæгтæ, фарны уац хъусын кæнынмæ куы бавнæлдтон, уæд Македонийæ мæ рацæуыны фæстæ мын мæ лæггады тыххæй иу аргъуан дæр

---

[3:21] 1 Ин. 3:2; 1 Кор. 15:42-44. [4:1] 2 Кор. 1:14; 1 Фес. 2:19. [4:2] Флп. 2:2. [4:3] Лк. 10:20; Æрг. 3:5. [4:5] Иак. 5:9; 1 Пет. 4:7. [4:6] Мф. 6:25; 1 Тим. 2:1. [4:7] Ин. 14:27; Кол. 3:15. [4:8] Мф. 5:16; Ром. 13:13. [4:9] Ром. 15:33. [4:11] 1 Тим. 6:6. [4:12] 2 Кор. 6:10. [4:13] 2 Кор. 12:9.

нæ баххуыс кодта – æрмæстдæр мæ сымах барæвдыдтат.

**16** Сымах мын Фессалоникæмæ дæр мæ хъуаджы заман иу æмæ дыууæ хатты не 'рбарвыстат уе 'ххуысы хай.

**17** Æз уый хуынтæ уæ агурыны тыххæй нæ дзурын. Мæн фæнды, цæмæй уæ хорз хъуыддæгты номхыгъды фылдæр кæна æфтиаг.

**18** Æз райстон, æмæ мæм ис, цас мæ хъæуы, уымæй фылдæр. Цы мын рарвыстат, уый райстон Эпафродитæй, æмæ мæм фаг ис. Уæ хуын у хæрздæф нывондау, Хуыцауæн фæндиаг æмæ æхсызгон.

**19** Йе стыр хъæздыгадæй Хуыцау баххæст кæндзæн уæ алы хъуаг дæр Йесо Чырыстийы фæрцы.

**20** Нæ Фыд Хуыцауæн кад уæд мыггагæй-мыггагмæ! Амен.

*Саламтæ*

**21** Саламтæ раттут æппæт сыгъдæджытæн – Йесо Чырыстиимæ чи ис, уыдонæн. Саламтæ уын дæттынц, мемæ чи ис, уыцы æфсымæртæ.

**22** Саламтæ уын дæттынц æппæт сыгъдæджытæ, уæлдайдæр та кесæры хæдзаронтæ.

**23** Нæ Хицау Йесо Чырыстийы хорзæх уæ уæд.

**4:17** 2 Кор. 12:14. **4:19** Эф. 3:16.